

Lòd Wisconsin Depatman Devlopman Mendèv

Depatman Devlopman Mendèv Wisconsin lan adopte regleman sa a pou l kreye DWD 301.015, 301.06 (8m), 301.07 (11) (k), (k) ak (L), (15) (n), (16) (r) ak (s), (17) (d) 3., (e) ak (f), (20) (h), (i) ak (j), (21) (n) ak (25), 301.09 (2)) (d) ak (e) ak 301.10, ki gen rapò ak pwoteksyon kont COVID-19 la pou travayè ki imigran yo.

Gouvènè a te apwouve deklarasyon refòm regleman sa a, SS 003-22, nan dat ki te 13 janvyè 2022 a, yo te pibliye l nan rejis nimewo 793A3 a, nan dat 18 janvyè 2022, epi Depatman an te apwouve l nan dat 28 janvyè 2022. Gouvènè a te apwouve eta dijans sa a nan dat ki te 18 fevriye 2022 a.

Analiz ke Depatman Devlopman Mendèv la te prepare a

Envestigasyon Ijans

Depatman an chèche pibliye yon nouvo eta dijans pou verifye ch. DWD 301 pwoteksyon pou travayè imigran yo kont maladi viris SARS-CoV-2 te lakoz la. Nan sans sa a, y ap fè referans ak viris la ansanm ak maladi a antanke "COVID-19." Chapit DWD 301 ajiste kontra travay imigran yo ak kondisyon lojman nan kan travay imigran yo, li enpoze estanda sanite nan kan, epi bay avi sou dwa travayè imigran yo.

Nan dat ki te 14 avril 2020 an, sou lòd Gouvènè a, Sekretè-deziyen nan Depatman Sèvis Medikal Wisconsin lan (DHS) te pibliye Lòd Ijans #25 lan pou l enpoze mezi sekirite ki gen rapò ak COVID-19 lan pou kan travayè imigran yo pou kèk rezon espesifik pou anpeche moun yo ekspozè ak COVID-19 lan, ede moun ki gen COVID-19 yo, epi anpeche COVID-19 lan gaye. Paske risk ki mache ak COVID-19 pou travayè imigran yo te kontinye ap vanse lè Lòd Ijans #25 lan te ekspire nan dat ki te 13 jen 2020 an, Depatman an te pibliye eta dijans EmR2014 la nan dat ki te 12 jen 2020 an. EmR2014 la te revize ch. DWD 301 an pou l enpoze pandan yon ti bout tan plizyè pwoteksyon pou travayè imigran yo nan kan yo, nan jaden yo, ak nan transpò anplwaye yo bay yo. Pwoteksyon yo te baze sou enfòmasyon sante piblik ki te disponib lè sa a nan DHS ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) ki nan Etazini yo. Apre pwolonjman Komite Konjwen pou Revize Règ Administratif yo (JCRAR), EmR2014 la te ekspire nan dat ki te 8 mas 2021 an.

Paske pandemi COVID-19 la te kontinye ap twouble lapè, sante, sekirite, ak byennèt piblik la, Depatman an te kontakte DHS ak moun ki enterese yo epi li te pibliye yon lòt eta dijans, EmR2109 la, nan dat ki te 19 Mas 2021 an. EmR2109 la pa t fè EmR2014 la vin doub, men li te baze l sou oryantasyon sante piblik ki te pi resan ki gen rapò ak avantaj ki genyen lè yon moun mete mask nan figi li, kenbe distans li, epi anpeche transmisyon COVID-19 la. Apre pwolonjman JCRAR, EmR2109 yo te fin ekspire nan dat ki te 13 Desanm 2021 an.

Depatman an te pibliye Deklarasyon refòm SS 004-22 a pou yon règleman pèmanan nan objektif ki gen ladan eksplòre egzijans pou l asire l ke patron yo swiv metòd ki pi bon yo pou yo pwoteje sante ak sekirite travayè imigran yo nan kan, jaden, ak nan transpò ke patwon an bay la. Sepandan, Depatman an estime ke gen plis pase 4,400 travayè imigran ki pral abite nan lojman patwon yo bay nan Wisconsin nan pandan ane 2022 a. Yon bon pati nan travayè imigran sa yo pral rive nan kòmansman sezon prentan an epi y ap rete rive jis nan sezon lotòn nan epi Depatman an pap kapab pibliye yon règleman pèmanan alè pou pwoteje travayè imigran sa yo. Anplis, a mezi ke viris la ap evolye, gen nouvo varyant ki lakoz enkyetid, tankou Delta ak Omikwon, ke yo kontinye ap detekte nan Wisconsin, Se poutèt sa, li nesesè pou ke gen yon nouvo règleman ijans ki konsantre l sou COVID-19 la pou yo prezève sante, sekirite, ak byennèt piblik la imedyatman.

Lwa yo Entèprete yo

Seksyon 103.905, Estatistik.

Otorite legal yo

Seksyon 103.905, Estatistik.

Eksplikasyon Otorite legal yo

Depatman an gen otorite espesifik ak jeneral pou l etabli prensip pou l fè yo aplike yo epi aplike Lwa Travay pou Imigran Wisconsin nan, ss. 103.90 pou 103.97, Estatistik. Otorite sa a gen ladan asire l ke kan travay migran yo, transpò, ak travay nan jaden yo an sekirite pou travayè yo.

Lwa oswa prensip ki mache ansanm yo

Seksyon 103.90 jiska 103.97, Estatistik, ak ch. DWD 301.

Analiz langaj ki klè

Prensip ijans lan egzije pou ke operatè kan imigran yo fè kèk efò ki rezonab pou separe travayè ki ekspoze yo ak lòt moun ki nan kan yo. Prensip la fè konnen ke "travayè ki ekspoze a" antanke yon travayè imigran ki te gen kontak sere, sere swa ak yon moun ki te fè tès pozitif pou COVID-19 la oswa yon moun ki montre sentòm COVID-19 la men ki pa t fè tès negatif pou COVID-19 la. Eta dijans lan vle di separe travayè ki ekspoze yo ak lòt moun ki nan kan yo sou fòm karantèn. Epitou, eta dijans lan egzije yon dezyèm kalite separasyon, paske operatè kan imigran yo dwe separe yo fason efikas ak tout lòt moun ki nan kan an ak sa ki vin apre yo: 1) travayè ki te teste pozitif ak COVID-19 la ak 2) travayè ki montre sentòm COVID-19 la ki poko fè tès negatif pou COVID-19 la. Eta dijans lan fè referans ak dezyèm kalite separasyon sa a sou fòm izole. Eta dijans lan egzije tou lede kalite separasyon yo annamoni ak oryantasyon DHS la. Eta dijans lan enpoze lòt kondisyon ki gen rapò ak karantèn ak izole travayè imigran yo ki pèmèt travayè imigran ki abite nan sèten lojman fanmi oswa moun k ap viv pou kont yo ki chwazi rete nan selil sa yo.

Epitou, eta dijans lan egzije pou ke operatè kan imigran yo netwaye epi dezenfekte zòn moun plis frekante yo nan enstalasyon an tankou sal de ben, fè lesiv, lave men, fè manje, manje, ak chanm pou moun dòmi yo, ak tout kote sa posib, pou yo separe kabann yo omwen sis pye. Eta dijans lan pèmèt operatè kan yo itilize kabann etaj si operatè kan yo mande pou moun ki nan kan yo dòmi tèt anba youn parapò ak lòt. Anplis de sa, nan kantin santral enstalasyon yo, eta dijans lan egzije pou ke operatè kan yo, nan kèlkeswa kote sa posib, pou yo separe tab ki nan kizin ak sal manje yo nan yon distans omwen sis pye pandan repa yo oswa kèk lòt evènman. Epitou, eta dijans lan egzije pou ke operatè kan yo bay travayè yo kote pou moun lave men epi mete dezenfektan pou men nan tout kizin yo, kote moun manje ak dòmi. Anplis de sa, eta dijans lan enpoze kondisyon vantilasyon nan bilding kan yo akselil lojman yo.

Anplis de sa, eta dijans lan egzije pou ke operatè kan yo ak patwon yo mete mask vizaj disponib pou travayè yo nan zòn kote moun ap viv ansanm y o ak lojman yo, nan jaden yo, ak nan transpò patwon yo bay yo. Eta dijans lan sijere pou ke patwon yo ak operatè kan k ap sipèvizè travayè yo pèmèt travayè yo gen ase espas pou yo konsève sis pye distans sosyal la, menm pandan repa midi ak repo yo. Anplis de sa, patwon yo dwe asire yo, chak fwa sa posib, ke travayè yo respekte distans sosyal la, mete vantilasyon ak dezenfektan pou men nan moman transpò a, epi asire l ke machin yo pwòp epi yo dezenfekte yo chak jou. Sepandan, yod we netwaye ak dezenfekte yon veyikil transpò anvan pwochen vwayaj la si yo itilize machin nan pou transpòte swa yon travayè ki tef è tès pozitif pou COVID-19 la oswa yon travayè ki montre sentòm COVID-19 la men ki pa fè tès negatif pou COVID-19 la. Epitou eta dijans lan egzije pou ke patwon yo bay travayè ki montre sentòm COVID-19 ki pa t fè tès negatif pou COVID-19 yo transpò apa.

Eta dijans lan egzije yon operatè kan pou l prezante apwobasyon Depatman an yon plan sekirite COVID-19 ki fè tout sa ki vin apre yo: 1) bay detay sou kijan operatè kan an pral bay lojman ki ranpli egzijans karantèn ak izolasyon eta dijans lan; 2) idantifye antite operatè kan an pral travay avèk li a pou l bay moun ki nan kan yo sèvis medical ak tès pou kovid COVID-19 la; 3) endike fason operatè kan an pral aplike rekòmandasyon DHS pou fè tès depistaj ak tès COVID-19 la; epi 4) endike fason operatè kan an pral ede moun ki nan kan yo jwenn vaksen kont COVID-19 la ak vaksen ranfòsman yo rekòmande yo. Donk, Eta dijans lan egzije pou ke operatè kan yo afiche yon kopi eta dijans ke Depatman an mete disponib la.

Finalman, eta dijans lan egzije pou ke patwon yo presize nan kontra travay yo ak nan deklarasyon alekri yo mete nan kontra a si yon moun rive bonè oswa depa fèt ta nan kan imigran yo li obligatwa pou yo fè tès COVID-19 la, karantèn, oswa izole. Epitou, eta dijans lan pèmèt patwon yo fè sèten chanjman lojman ki nesèsè pou karantèn oswa izole travayè yo san yo pa oblije verifye kontra travay yo.

Rezime ak konparezon ak règleman federal ki deja egziste oswa yo pwopoze

Lwa Pwoteksyon Travayè Agrikòl Imigran ak Tanporè (MSPA), 29 USC 1801, et seq., fikse estanda pou travayè agrikòl imigran ak tanporè yo konsènan lojman ak transpò.

Rezime kòmantè sou deklarasyon refòm nan ak deskripsyon sou fason yo te pran an konsiderasyon kòmantè yo lè yo t ap ekri rensip yo

Nan dat ki te 26 janvyè 2022 a, yo te fè yon odyans preliminè sou Deklarasyon refòm eta dijans lan, SS 003-22 a. Aksyon Legal Manadjè Pwogram Pwojè Travayè Agrikòl Wisconsin nan ak Direktè Legal la te prezante yon kòmantè alekri ki deklare ke yon nouvo eta dijans konsantre ki sou COVID-19 la " nesèsè anpil, anpil pou prezèvasyon sante piblik, sekirite, ak byennèt imigran ak travayè agrikòl tanporè Wisconsin yo imedyatman." Prezidan Asosiyasyon Pwodui ak Nouriti Mwayen Oryan an (MWFPA) te parèt nan odyans preliminè a epi li te fè kòmantè sa yo alekri sou eta dijans lan. Prezidan MWFPA te deklare ke "li enpòtan pou nati koneksyon ki genyen nan lojman yo, espas travay, ak transpò patwon an bay yo nan prensip yo pwopoze yo fonksyone annamoni youn ak lòt" epi li te site eksperyans manm MWFPA yo te fè nan fè fas ak diferan tansyon nan COVID-19 fè amelyorasyon nan bay sekirite ak pwoteksyon pou travayè yo nan lojman patwon bay yo, zòn travay la, ak transpò patwon an bay la. Epitou, prezidan MWFPA te deklare ke "adopte estanda ki twò egzijan pou fòse bezwen pou gen lojman adisyonèl nan zòn riral yo ka lkontraz travayè yo oblije viv menm pi lwen kote yo travay la," sa ki "ta mete plis depandans toujou sou do patwon an nan transpò epi fè plis presyon sou travayè yo, paske ap vin plis gen egzijans chak jou tan pou yo ale ak soti nan travay la." Anplis de sa, prezidan MWFPA a te deklare "limit kapasite transpò patwon an bay yo t ap gen yon enpak negatif nan kapasite patwon genyen pou l transpòte travayè yo ale ak soti nan travay yo ansanm ak komisyon travayè yo ap cheche yo."

Repons ajans lan: Depatman an rekonèt enkyetid prezidan MWFPA a genyen epi li apresye efò manm MWFPA yo ap fè pou yo bay travayè yo pi bon sekirite ak pwoteksyon nan zòn travay la ak lojman ak transpò patwon yo bay yo. Pou evite afekte disponiblite lojman nan zòn riral yo, eta dijans lan pa mande pou yo mete nan yon distans sis pye tout tab nan kantin santral enstalasyon yo ak kabann ki nan selil ki gen moun k ap viv pou kont yo. Olye de sa, eta dijans la mande pou ke gen yon separasyon sis pye "kèlkeswa lè sa posib," yon bagay ke Depatman an panse ki pral bay operatè kan ki nan kominote riral yo plis fleksibilite konsènan lojman yo. Menm jan an tou, Depatman an panse ke eta dijans lan pap afekte transpò patwon an bay la paske travayè yo oblije chita sis pye "kote sa posib" epi eta dijans lan pa limite kantite travayè yo transpòte nan yon machin.

Konparezon ak regleman ki nan povens ki pwoch yo

Sèlman nan Michigan, pa gen okenn ajans nan yon eta ki tou pre a ki te pibliye presip ki abòde espesyalman pwoteksyon travayè imigran yo kont ekspozisyon ak COVID-19 la. Sèlman nan Michigan, ajans nan ki eta ki tou pre yo ap bay direksyon ak rekòmandasyon nan depatman medical pa yo epi pataje rekòmandasyon CDC yo ak Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay ak patwon yo. Nan dat ki te 2 Mas 2021 an, Depatman Agrikilti ak Devlopman Riral Michigan an te pibliye eta dijans ki egzije pwopriyete ak operatè kan lojman pou travay agrikòl yo devlope epi aplike plan preparasyon ak repons kont COVID-19 la, ki dwe gen ladan yon eleman fòmasyon pou bay rezidan kan adilt yo enfòmasyon sou distans sosyal, ekipman pwoteksyon pèsònèl, epi mezi sanitè ak prevansyon ki pi bon. Epitou, eta dijans yo egzije pou operatè kan yo rapòte bay depatman medikal lokal yo enfòmasyon sou rezidan kan yo ki montre sentòm COVID-19 la oswa ki fè tès pozitif pou COVID-19 la. Eta dijans yo gen ladan yo lòt kondisyon, tankou egzije operatè kan yo pou yo fè aranjman pou ke espesyalis swen medical yo evalye moun ki abite nan kan sa yo epi mande operatè kan yo pou yo bay rezidan kan sa yo izolman ak lojman karantèn. Okòmansman eta dijans yo te anvigè pou 6 mwa, men nan dat ki te 27 Out 2021 an, gouvènè Michigan an te pwolonje regleman yo pou yo rete an vigè jiska 31 desanm 2021.

Rezime done reyalite ak metòd analiz yo

Yo te revise Òdonans Ijans # 25 lan, ch. DWD 301, eta dijans EmR2014 la ak EmR2109 la, ak lwa ki gen rapò ak Lwa Travay Imigran Wisconsin nan antanke yon pati nan pwosesis pou devlope regleman sa a yo pwopoze a. Donk, Depatman an te konsidere enfòmasyon DHS ak Depatman Agrikilti, Komès ak Pwoteksyon Konsomatè yo te bay yo, dènye orayantasyon CDC yo, ak kòmantè divès pati konsène yo.

Analiz ak dokiman sipò yo itilize pou detèmine efè sou ti biznis oswa preparasyon yon analiz sou enpak yon ekonomik

Objektif regleman sa a se pou anpeche maladi a gaye nan kan travay imigran yo epi nan entansyon pou l pa gen okenn enpak negatif sou biznis yo. Se poutèt sa, pa gen okenn analiz ki nesèsè.

Efè sou ti biznis yo

Pa gen okenn enpak negatif sou ti biznis yo.

Entèlokitè ajans lan

Kathryn Mueller
Chèf Seksyon Pwogram ak Planifikasyon yo
Pwogram pou travayè agrikòl imigran ak tanporè yo ansanm ak Sant apèl pou sèvis travay la
Depatman Devlopman Mendèv
201 Aveni Lès Washington
Bwat Postal 7972
Madison, WI 53707
Telefòn: (608) 733-3907
Imèl: Kathryn.Mueller@dwd.wisconsin.gov

Mete kote pou yo voye kòmantè yo ak dat limit pou yo voye yo

Imèl: DWDAdminRules@dwd.wisconsin.gov
Y ap aksepte kòmantè yo jiska yon dat y ap detèmine.

SEKSYON 1. Yo kreye DWD 301.015 pou li:

Definisyon DWD 301.015. Nan chapit sa a:

(1) "COVID-19" vle di maladi viris ke SARS-CoV-2 koze.

(2) "Travayè ki ekspoze" vle di yon travayè imigran ki te pran kontak sere, sere ak yon moun ki te fè tès pozitif pou COVID-19 la oswa ak yon moun ki gen sentòm nan men ki pa t fè tès negatif pou COVID-19 la.

Remak: Nou ka jwenn oryantasyon depatman sèvis medikal yo sou kontak sere, sere a nan sitwèb sa a: <https://www.dhs.wisconsin.gov/covid-19/close-contacts.htm>.

(3) "Selil fanmilyal la" vle di yon inite lojman yon sèl fanmi oswa yon inite lojman fanmilyal ki fè pati yon inite ki gen plizyè fanmi.

(4) "Izole" vle di separe moun ki te fè tès pozitif pou COVID-19 la ak moun ki gen sentòm nan men ki pa t fè tès negatif pou COVID-19 la lòt moun.

(5) "Karantèn" vle di separe yon travayè ki ekspoze pami lòt moun.

(6) "Endividi ki gen sentòm nan" vle di yon moun ki montre sentòm COVID-19 la.

Remak: Ou ka jwenn sentòm COVID-19 la nan sitwèb depatman sèvis medikal sa a: <https://www.dhs.wisconsin.gov/covid-19/symptoms.htm>.

(7) "Travayè sentòm" vle di yon moun ki gen sentòm ki se yon travayè migran.

(8) "Rezilta negatif pou COVID-19 la" vle di ke yon tès viral te detèmine ke yon moun pa te enfekte ak viris SARS-CoV-2 a nan moman tès la.

(9) "Rezilta pozitif pou COVID-19 la" vle di ke yon tès viral te detèmine ke yon moun te enfekte ak viris SARS-CoV-2 a nan moman tès la.

SEKSYON 2. Yo kreye DWD 301.06 (8m) pou li:

DWD 301.06 (8m) (a) Kontra travay ak deklarasyon kontra alekri obligatwa dapre s. 103.915 (1) (a), Estatistik yo, dwe presize si pou rezon tès COVID-19 la, karantèn, oswa izolman, yon travayè imigran oblije rive nan yon kan travay imigran anvan oswa li kite yon kan travay imigran apre peryòd ke garanti travay minimòm nan kouvri anba sub (8).

(b) Si yon kontra travay egzije pou rezon tè COVID-19 la, karantèn, oswa izolman ke yon travayè migran rive nan yon kan travay imigran anvan oswa ki kite yon kan travay imigran apre peryòd garanti travay minimòm nan kouvri anba sub. (8), peryòd travay la ak garanti travay minimòm nan ap kòmanse nan dat travayè a oblije rive nan kan travay imigran an epi l ap kontinye jiskask travayè imigran an kite kan travay imigran an.

(c) Si yon patwon fè yon kontra travay ki pa egzije, pou rezon tè COVID-19 la, karantèn, oswa izolman ke yon travayè imigran rive nan yon kan travay migran anvan oswa kite yon kan travay imigran apre peryòd garanti travay minimòm nan. anba sub. (8), epi answit patwon an enpoze egzijans sa a sou yon travayè imigran, patwon an dwe revize kontra travay la pi vit posib apre l fin enpoze egzijans lan pou akonpli paragraph la. (b).

(d) Si yon patwon chanje kalite lojman ki espesifye nan yon kontra travay pou mete an karantèn oswa izole yon travay dapre s. DWD 301.07 (11) (j) 1, patwon an pa oblije revize kontra travay la. Pou tout lòt chanjman nan kalite lojman an, patwon an dwe revize kontra yo jan sa mande anba seksyon sa a.

SEKSYON 3. Yo kreye DWD 301.07 (11) (j), (k) ak (L) pou li:

DWD 301.07 (11) (j) 1. Eksepte jan sa endike nan subd. 2 a, an annamomi ak orayantasyon aktyèl depatman sèvis medikal la, yon operatè kan dwe fè tout sa ki vin apre yo:

Remak: Ou ka jwenn oryantasyon depatman sèvis medical yo sou karantèn ak izolman nan sitwèb sa a: <https://www.dhs.wisconsin.gov/library/p-02836.htm>.

a. Fè efò rezonab pou mete an karantèn travayè ki ekspoze yo pami tout lòt moun ki nan kan yo. Pou rezon subd. 1. a. sa a, "karantèn efikas la" gen ladan bay chak travayè yon twalèt prive, yon zòn pou yo dòmi, ak yon kizin pou yo fè manje epi pou yo manje. Si yon operatè kan pa ka mete travayè ki ekspoze a an karantèn pami tout lòt moun ki nan kan an, operatè kan an dwe bay travayè ki ekspoze yo lojman pa yo apa pami tout lòt moun ki nan kan an.

b. Izole travayè ki te fè tè pozitif pou COVID-19 ak travayè ki gen sentòm yo men ki pa t fè tè negatif pou COVID-19 pami tout lòt moun ki nan kan an yon fason efikas. Pou rezon sa a subd. 1. b., "izolman an yon fason efikas" vle di bay yon kote pou yo dòmi, twalèt, ak kizin pou yo fè manje epi kote

pou yo chita manje men se pa manje moun ki nan kan an separe.

2. Yon travayè imigran k ap viv nan yon selil pou famiyal sèlman ak manm fanmi l ka chwazi rete nan selil famiyal sa a.

3. Yon operatè kan dwe bay travayè ki nan izolman ak nan karantèn ki gen espas pou yo viv apa anba subd. 1 an manje ak dlo yon fason pou minimize pwopagasyon COVID-19 la.

4. Si yon operatè kan pa kapab izole oswa mete yon travayè nan karantèn anba subd. 1. nan nouvo espas travayè a ap viv la, operatè kan an dwe bay travayè a yon lòt lojman.

5. Si lòt lojman obligatwa anba subd. 4 la. pa nan yon kan travay imigran ki gen garanti anba sub. (1), operatè kan an dwe chèche yon dezakò selon sub. (7) (a) ki annamoni ak kondisyon sa yo:

a. Lè sa posib, yo dwe prezante yon demann dezakò anvan nesese pou lojman altènatif lan. Si yo pa t fè yon demann dezakò davans, operatè kan an dwe prezante yon demann osito ke operatè kan an vin konnen nesese pou ke gen yon lojman altènatif. Yo dwe prezante tout demann dezakò yo nan fòmilè dezakò depatman an bay MSFW@dwd.wisconsin.gov.

Remak: Fòmilè dezakò depatman an disponib sou sitwèb depatman an nan <https://dwd.wi.gov/jobservice/MSFW/migrant-intro.htm>.

b. Depatman an gen dwa apwouve oswa refize demann yon dezakò nan de jou ki gen travay apre li fin resevwa demann lan.

c. Yo kapab enspekte dezakò a epi yo dwe an vigè pou l tann enspeksyon an. Depatman an dwe fè enspeksyon an osito ke posib epi yo ka fè enspeksyon an distans ansanm ak operatè kan yo.

(k) 1. Yon operatè kan dwe bay pou revizyon ak apwobasyon depatman an yon plan sekirite COVID-19 pou chak kan travay imigran ke operatè kan an konsève. Sof jan sa prevwa nan subd. 2., yon operatè kan dwe prezante plan an ak aplikasyon operatè kan an anba sub. (1) pou yon sètifika pou opere yon kan travay imigran. Plan sekirite COVID-19 la dwe fè tout bagay ki vin apre yo:

Remak: Modèl Depatman an rekòmande pou plan sekirite COVID-19 la disponib nan sitwèb depatman an nan <https://dwd.wi.gov/jobservice/MSFW/migrant-intro.htm>.

a. Detay sou fason operatè kan an pral bay lojman ki ranpli akondisyon paragaf. (j) 1.

b. Idantifye antite ke operatè kan an pral travay la pou l bay rezilta tè COVID-19 la ak sèvis swen medikal bay moun ki nan kan yo.

c. Endike ki jan operatè kan an pral aplike rekòmandasyon depatman sèvis medikal yo pou evalye tè depistaj la ak rezilta tè moun yo fè pou COVID-19 la ak fason operatè kan an pral ede moun ki nan kan yo jwenn vaksen kont COVID-19 la ak vaksen ranfòsman key o rekòmande yo.

Remak: Nòt sevis ki gen nimewo BCD 2020-29 DPH la endike rekòmandasyon depatman sèvis medikal yo yon fason pou yo diminye risk COVID-19 la pami travayè imigran ak travayè tanporè yo. Ou ka jwenn Nòt la nan sitwèb ki vin apre a: <https://www.dhs.wisconsin.gov/dph/memos/communicable-diseases/2020-29.pdf>.

2. Si yon operatè kan fè demann yon sètifika pou yon kan travay imigran anba sub. (1) anvan dat ki antre an vigè nan sibdivizyon sa a, operatè kan an dwe prezante plan sekirite COVID-19 ke yo mande anba subd. 1. nan depatman an nan moman ke depatman ap enspekte kan travay imigran yo.

3. Si yon operatè kan okouran bezwen pou gen lòt lojman ke endike nan paragaf. (j) 5. nan moman operatè kan an prezante yon plan sekirite COVID-19 anba subd. 1. oswa 2, operatè kan an dwe prezante ak plan kèlkeswa demann dezakò ki nesèsè dapre paragaf. (j) 5 lan.

(L) Yon operatè kan an dwe maksimize kantite ak rezèv lè ki deyò a epi ogmante efikasite filtraj la nan pi wo nivo ki konpatib ak sistèm vantilasyon ki egziste nan bilding yo ak selil lojman kan an yo. Kèlkeswa kote sa posib, chanm oswa depo ki pa gen sistèm vantilasyon santral la dwe itilize sistèm filtraj pòtab pèsònèl lè a nan yon rannman ki pi wo (HEPA) si yo pa ka kite fenèt yo louvri.

Remak: Ou ka jwenn lòt oryantasyon pou vantilasyon an nan sitwèb depatman sèvis medikal ki vin apre a: <https://www.dhs.wisconsin.gov/library/f-02771.htm>.

SEKSYON 4. Yo te kreye DWD 301.07 (15) (n) pou li:

DWD 301.07 (15) (n) Zòn moun plis frekante anndan tout chanm twalèt yo, sof nan selil fanmi endividyèl ki gen sèlman manm nan menm fanmi an, yo dwe fè pwòpte epi dezenfekte chak jou.

SEKSYON 5. Yo kreye DWD 301.07 (16) (r) ak (s) pou li:

DWD 301.07 (16) (r) Zòn moun plis frekante nan tout enstalasyon twalèt yo, fè lesiv ak lave men

yo, sof nan selil fanmi ki gen sèlman manm nan menm fanmi an, yo dwe fè pwòpte epi dezenfekte chak jou.

(s) Kèlkeswa kote sa posib, operatè kan yo dwe bay kazye oswa lòt aparèy ki kapab anmagazine pou mete rad sal yon fason pou mete apa rad chak travayè.

SEKSYON 6. Yo te kreye **DWD 301.07 (17) (d)** 3m la. pou li:

DWD 301.07 (17) (d) 3m. Pandan repa oswa lòt evènman, kwizin ak sal manje a dwe gen omwen yon distans sis pye apa chak fwa sa posib.

SEKSYON 7. Yo kreye **DWD 301.07 (17) (e)** ak **(f)** pou li:

DWD 301.07 (17) (e) yo dwe bay travayè ki nan tout enstalasyon yo kote pou yo lave men yo ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% etanòl san metanòl epi ak kizin ak kote pou moun manje.

(f) Zòn moun plis frekante nan tout enstalasyon yo pou yo fè manje epi manje, sof nan selil fanmi ki gen sèlman manm nan menm fanmi an, yo dwe fè pwòpte epi dezenfekte chak jou.

SEKSYON 8. Yo kreye **DWD 301.07 (20) (h), (i)** ak **(j)** pou li:

DWD 301.07 (20) (h) Sof pou kabann ki nan selil famiyal ki gen sèlman manm nan menm fanmi an, kèlkeswa kote sa posib, yo dwe separe tout kabann yo omwen nan yon distan sis pye. Yo ka itilize kabann etaj yo si operatè kan yo mande moun ki nan kan yo pou yo dòmi tèt anba youn parapò ak lòt.

(i) Yo dwe mete enstalasyon kote pou yo lave men yo ak dezenfektan pou men disponib ki gen omwen 60% etanòl san metanòl pou travayè ki dòmi nan enstalasyon yo.

(j) Sof nan selil famiyal ki gen sèlman manm nan menm fanmi an, yo dwe fè pwòpte epi dezenfekte chak jou zòn moun plis frekante ki nan enstalasyon moun dòmi yo.

SEKSYON 9. Yo kreye **DWD 301.07 (21) (n)** pou li:

DWD 301.07 (21) (n) Operatè kan yo dwe mete disponib nan tout zòn ki gen anpil moun yo ak nan lojman kan an mask pou travayè ki aplike nouvo oryantasyon depatman sèvis medikal yo.

Remak: Ou ka jwenn oryantasyon depatman sèvis medikal sou mask yo nan:

<https://www.dhs.wisconsin.gov/covid-19/mask.htm>.

SEKSYON 10. Yo kreye **DWD 301.07 (25)** pou li:

DWD 301.07 (25) AFICHE ETA DIJANS. (a) Nan souseksyon sa a, "eta dijans lan" vle di egzijans

ki anba tout seksyon ki nan regleman sa a.

(b) Depatman an dwe mete eta dijans sa a disponib pou yo afiche l nan lang angle ak nan lang moun ki nan kan yo pale si yo pa angle. Operatè kan yo dwe afiche eta dijans sa a an Angle ak nan lang moun k ap viv nan kan yo pale si yo pa angle.

SEKSYON 11. Yo kreye DWD 301.09 (2) (d) ak (e) pou li:

DWD 301.09 (2) (d) Enstalasyon pou moun lave men yo dwe gen savon ak dlo oswa dezenfektan pou men ki gen omwen 60% etanòl men san metanol.

(e) Si depatman an te otorize pou yo ranplase sèvyèt ke enstalasyon yo te deja vlope pou lave men yo atravè yon dezakò, sèvyèt yo deja vlope yo dwe gen ladan yo omwen 60% etanòl.

SEKSYON 12. Yo kreye DWD 301.10 pou li:

DWD 301.10 distans sosyal. (1) TRAVAY NAN JADEN. Patwon ak operatè kan yo dwe bay travayè k ap fè travay nan jaden yo sifizaman espas pou yo konsève sis pye distans sosyal la ak lòt moun, ki gen ladan repa midi ak moman repo yo. Patwon yo dwe bay travayè yo mask ki konfòm ak nouvo oryantasyon depatman sèvis medikal yo.

Remak: Ou ka jwenn oryantasyon depatman sèvis medikal sou mask yo nan:

<https://www.dhs.wisconsin.gov/covid-19/mask.htm>.

(2) TRANSPÒ. (a) Chak fwa sa posib, patwon yo dwe asire yo ke travayè yo pran distans sosyal nan moman y ap transpòte travayè yo soti nan travay yo pou ale lakay yo ak lòt transpò patwon an bay pou pèmèt travayè yo jwenn founiti ak sèvis ki nesèsè epi chita omwen sis pye apa. Patwon yo dwe bay mask figi ki ranpli kondisyon nouvo oryantasyon depatman sèvis medikal yo epi mande pou tout moun ki nan machin yo mete mask yo nan moman transpò a, sof moun ki gen kondisyon medikal oswa lòt kondisyon ki anpeche yo mete yon mask. Dwe gen dezenfektan pou men ki gen omwen 60% etanòl men san metanol ki disponib nan tout machin transpò yo. Tout sifas moun plis frekante yo, yo gen ladan yo manch pòt yo, bouk sentiwon sekirite, ak koudwa ke pasaje yo itilize yo dwe pwòpte epi dezenfekte chak jou, sof si yo itilize yon veyikil transpò pou transpòte yon travayè ki te fè tès pozitif pou COVID-19 yo oswa yon travayè ki gen sentòm men poko fè tès negatif pou COVID-19 la, sifas moun plis frekante yo dwe pwòpte epi dezenfekte

anvan pwochen vwayaj la. Tout sifas moun plis frekante ke chofè yo itilize, tankou volan, kontwòl veyikil yo, manch pòt yo, bouk sentiwon sekirite yo, ak koudwa yo dwe pwòpte epi dezenfekte ant diferan chofè. Dezenfektan yo dwe ranpli kritè Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an pou yo itilize kont SARS-CoV-2, viris ki lakòz COVID-19 la.

Remak: Ou ka jwenn oryantasyon depatman sèvis medikal sou mask yo nan:

<https://www.dhs.wisconsin.gov/covid-19/mask.htm>.

Remak: Ou ka jwenn dezenfektan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini apwouve pou itilize kont SARS-CoV-2 isit la: <https://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2>.

(b) Patwon yo dwe asire yo ke travayè ki gen sentòm men ki pat fè tèst negatif pou COVID-19 la dwe transpòte yo lakay yo apa ak nan lòt kote nan transpò ke patwon an bay la rive nan travayè ki pa montre sentòm yo.

(c) Kèlkeswa kote sa posib, patwon yo dwe bay devwa transpò pataje priyorite nan lòd sa a:

1. Yo dwe transpòte anplwaye ki abite nan menm selil yo nan menm machin nan.
2. Anplwaye k ap travay nan menm ekip oswa chan travay la dwe transpòte nan menm machin nan.
3. Yo dwe transpòte nan menm machin anplwaye ki pa rete nan menm kay yo, ekip travay oswa chan travay yo sèlman lè pa gen okenn lòt altènatif transpò posib.

(d) Patwon yo dwe asire ke sistèm vantilasyon veyikil la fikse pou maksimize lè deyò a epi pa fè lè a rekile epi, sof si machin nan la gen yon filtè lè kabin an k ap mache epi Endis Kalite lè Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini pou kèlkeswa kontaminasyon an siperyè ak 100, motive moun yo pou yo kite fenèt yo ouvè nan tout moman sof lè yo dwe pwoteje tèt yo kont kondisyon metewolojik yo, tankou lapli, nèj, oswa tanperati ekstrèm.

SEKSYON 13. Regleman sa a antre an vigè nan dat ki te 1ye Mas 2022 a, oswa lè yo pibliye l nan jounal vil la, kèlkeswa sa ki vin apre sa, epi l ap rete an vigè pou 150 jou, jan sa prevwa nan s. 227.24 (1) (c), Estatistik, sijè pwolongasyon dapre s. 227.24 (2), Estatistik.

Dat 21 Fevriye 2022.

DEPATMAN DEVLOPMAN MENDÈV WISCONSIN

Pa:

Amy Pechacek, Sekretè-Deziyen